


Adolesan yo ak Rale Vapè: Kisa Risk yo Ye?

Sigarèt elektwonik (e-cigarettes) ak aparèy pou rale vapè yo vini sou plizyè fòm, men yo tout chofe likid yo rele e-likid fè l tounen spre ayewosòl. E-likid yo anjeneral gen nikotin, gou ak lòt pwodui chimik ladan yo.


Lòt non sigarèt elektwonik yo genyen se vape, vape pens, e-cigs oswa e-hookahs. Konpayi sigarèt elektwonik yo itilize trik tankou anbalaj ki atire moun, awòm ak kanpay piblisite pou fè sigarèt elektwonik yo sanble san danje, men se pa vre.



Sigarèt elektwonik ki doze oswa ou ka jete



Aparèy ki gen gwo rezèvwa



Plim vapè

▢ Sigarèt elektwonik anjeneral gen nikotin.

- Nikotin kreye depandans, sitou pou adolesan.
- Nikotin kapab afekte memwa ak konsantrasyon yon adolesan, epi li ka diminye kapasite pou aprann.
- Pifò dòz sigarèt elektwonik yo ka gen menm kantite nikotin ak yon pake sigarèt oswa plis.



▢ Rale vapè ka lakòz blesi nan poumon ak afekte sante poumon nan lòt fason.



▢ Ayewosòl ki soti nan e-likid ki chofe yo ka genyen pwodui chimik ki danjere tankou:

- Fòmaldeyid yon pwodui chimik ki lakòz kansè
- Benzèn yon pwodui chimik ki lakòz kansè
- Diacetyl soti nan awòm ki te lye ak maladi poumon
- Metal lou tankou nikèl, eten ak plon



▢ Engredyan E-likid yo pa byen reglemante, ak efè sante alontèm yo enkoni.



▢ Gen moun ki anpwazonnen lè yo vale e-likid oswa lè li tonbe sou po yo oswa antre nan je yo.



▢ Sigarèt elektwonik yo danjere pou anviwònman an epi yo ka gen ladan fatra plastik, elektwonik ak dechè ki ka danjere.

Ou bezwen èd pou kite rale vapè? Voye **DROPTHEVAPE** nan mesaj tèks bay **88709** gratis, 24/24, 7/7 ak sipò konfidansyèl. Pou jwenn plis enfòmasyon, ale sou **nyc.gov/health** epi chèche "e-cigarettes" (sigarèt elektwonik).



nyc.gov/health

“e-cigarettes” (sigarèt elektwonik)

NYC
Health